

Mwen Pè Retounen



Yon Gid sou Azil, Anpechman Depòtasyon, ak


Konvansyon Kont Tòti

Pwojè Dwa Imigran ak Refijye Florence (Florence Immigrant and Refugee Rights Project) lan se yon òganizasyon sèvis legal san-bi-likratif ki travay ak granmoun ak timoun ki nan men imigrasyon nan eta Arizona. Anplwaye Pwojè Florence yo te prepare epi mete ajou gid sa a pou prizonye imigran ki reprezante tèt yo nan pwosedi depòtasyon. Si ou vle wè gid sa, ale nan: www.firrp.org. Gid sa li pa pou di ou kisa ou dwe sou plan legal. Li pa yon ranplasman de avoka ou. Gid sa se yon materyèl ki pwoteje ak dwa dotè, men ou ka pataje e distribiye li an kantite pou ou ede imigran yo nan peyi a. Si ou pran enfòmasyon nan gid sa e mete li nan piblikasyon pa ou, tanpri ba Florence Project kredi a.

Mo Ki Enpòtan Ou Dwe Konnen

Nan lalwa imigrasyon gen anpil mo teknik. Men yon lis de kèk mo ou pral wè nan gid sa ansanm ak yon ti eksplikasyon de kisa yo vle di.

- **Depòtasyon:** ICE mete ou nan yon *pwosedi depòtasyon* ki rele ankò you *pwosedi voye tounen*. Si jij la bay lòd pou yo depòte ou oswa "retire" ou nan peyi Etazini, otorite yo pral voye ou tounen nan peyi kote ou se yon sitwayen. Ou p ap kapab retounen legalman Ozetazini pandan omwen 10 zan.
- **Avoka Gouvènman:** Avoka ki reprezante ICE lè w ale nan odyans tribinal ou yo. Avoka sa chita sou tab la bò kote w epi li pale ak jij la tou. Jeneralman yo mande pou jij la fè yo depòte w.
- **Kontwòl Imigrasyon ak Ladwàn (ICE):** Se ajans sa ki mete ou nan pwosedi depòtasyon an yo. ICE fè pati de Ministè Sekirite Nasyonal, oswa DHS.
- **Jij Imigrasyon (jij):** Se moun sa ki pwal pran desizyon sou dosye ou an. Jij yo fè odyans yo nan yon sal tribinal epi yo mete yon wòb nwa sou yo. Yo ta dwe konsidere reyalyite ka w la epi aplike lalwa san patipri. Jij yo pa travay pou ICE.



Ki Moun Ki Dwe Li Gid Sa A?

Si w pè retounen nan peyi w paske gouvènman w la ka fè w yon bagay ki mal, Etazini gen lwa pou ede w. Men gen rè diferan ki aplike nan chak ka diferan. Li gid sa a ki soti nan Florence Project la pou w aprann enfòmasyon de baz sou lwa sa yo ak kijan ou ka itilize yo pou w anpeche depòtasyon w.

Gid la ap di w kijan pou w aplike pou azil, pou w anpeche depòtasyon w, ak Pwoteksyon anba Konvansyon Kont tòti a. Li eksplike tou ki prèv ou bezwen prezante yon dosye solid. Lwa sa yo pèmèt moun rete Ozetazini:

- **Azil**
- **Anpechman de depòtasyon, oswa**
- **Sispansyon oswa ranvwa depòtasyon ou gras a Konvansyon Kont Tòti (oswa CAT pou pi kout).**


Ou ap itilize menm fòm lan pou ou aplike pou òd anban nenpòt nan lwa sa yo.

Kisa Azil la ye?

Azil se yon fason pou sispann depòtasyon ou (ranvwa) epi lap fè ou vin yon refijye. Ou dwe aplike pou azil nan yon peryòd 1 an apre ou fin antre Ozetazini. Si yo ta ba w azil, w ap gen chans tou pou w vin yon rezidan pèmanan Ozetazini. Si w mete mari oswa madanm ou oswa pitit ou nan aplikasyon w lan, yo ka vin refijye ak rezidan pèmanan tou. Men se pa tout moun ki ka aplike pou azil. Pa egzanp, si yo te depòte w deja, ou pap kalifye pou ou aplike.

Èske w ka aplike pou azil?

Pou yo ba ou azil, **ou dwe montre kie gen omwen 10% chans ke gouvènman nan peyi ou pwal fè ou mechanste.**



Gade tablo sa. Seksyon ki an ble a montre kisa yo egzije w pou montre, nan dosye azil la, pou pwouve ki chans ki genyen pou malè rive ou — 10%. Sa vle di, ou dwe montre ke gen gwo chans pou ou blese, men ou pa bezwen montre ke li pral rive kanmèm.

Ou dwe aplike pou azil nan yon peryòd 1 an apre ou fin antre Ozetazini. Si gen plis pase 1 lane ki pase depi w antre, ou ka eseye montre ke yon bagay te anpeche w aplike oswa sikonstans yo nan peyi w te chanje dènyèman.

Pou ou genyen dosye w la, ou dwe an mezi montre ke:

- **Ou ta fè fas oswa te fè fas a gwo malè nan peyi ou.** Tèm legal pou malè sa a se *pèsekisyon*. *Gwo malè* vle di yo te bat, kidnape, oswa menase ou menm, oswa manb fanmi w oswa yo te bat, kidnape, menase, oswa touye yo moun tankou ou. Ou dwe bay prèv malè sa.
- **Gouvènman an li menm oswa yon moun ke gouvènman an pa ka kontwole ap fè ou mal.** *Gouvènman* vle di lapolis, lame, oswa nenpòt otorite ki pwal fè mal nan kad travay yo. Ou ta ka montre tou ke gouvènman an pa kapab oswa pa pral pwoteje w kont moun ki ap fè mal yo. Pa egzanp, ou ta ka montre ke ou rapòte malè a bay lapolis epi yo pa t ede ou.
- **Moun ap fè w mal akòz ras ou, relijyon, nasyonalite w, opinyon politik ou, oswa apatenans ou a yon "gwoup sosyal patikilye".** Pa egzanp, menm si yon polisye bat ou, sa pa sifi. Ou dwe montre ke ofisye a te fè sa poutèt ras ou, relijyon, nasyonalite w, opinyon politik ou, oswa manm nan yon "gwoup sosyal patikilye."



Ki sa yon *gwoup sosyal patikilye* ye? Se yon gwoup ke yo rekonèt nan kominote lakay ou. Manb yo dwe gen bagay an komen ke yo pa ka chanje. Men kèk egzanp de gwoup sosyal patikilye yo: *gason masisi Meksiken, jèn fanm Albanè k ap viv poukont yo; temwen ki temwaye kont manm gang, moun ki gen VIH oswa SIDA, ansyen ofisye militè, oswa gwoup etnik Lari nan tribi Kongo nan Repiblik Kongo.*

Pati sa nan lalwa konplike anpil. **Ou ta dwe eseye pale ak yon avoka sou nenpòt "gwoup sosyal patikilye" ou ta vle itilize nan ka pa w la.**

Jij yo ka ezite avan yo bay azil oswa anpeche voye moun yo tounen si moun ki pa travay pou gouvènman peyi w la, tankou manm gang, te pèsekite w oswa ou pè pou yo pèsekite w alavni. Olye de sa, konsantre sou poukisa moun sa yo vize ou ak ki gwoup sosyal ou fè pati ki fè manm gang yo sible ou.

- **Ou pa ta kapab deplase al rete nan yon lòt pati nan peyi ou kote ou ta ka an sekirite.** Jij la pral mande si ou ka deplase pou evite moun ki vle fè ou mal yo. Lè ou ap prepare dosye w la, reflechi sou rezon ki fè ou pa t kapab deplase, tankou pri a, kote fanmi w ap viv, ak ki kote w ka jwenn yon travay.
- **Ou pa te ko janm depòte w.** Si yo te depòte ou deja, ou pa kapab aplike pou azil. (Sonje byen, depa volontè yo pa depòtasyon.)
- **Ou pa komèt yon krim ki grav.** Gen kèk kondanasyon kriminèl ki konplike aplikasyon pou azil ou oswa fè li enposib pou w aplike.
- **Pa gen anyen ankò ki bani ou.** Lwa azil yo konplike anpil epi yo ka chanje rapidman. Si ou pè pou ou retounen nan peyi orijin ou, eseye pale ak yon avoka imigrasyon. Asire w ou di jij la ke ou pè pou w retounen nan peyi w epi mande si w ka aplike pou azil.


Ki sa ki anpechman depòtasyon an ye?

Anpechman depòtasyon sanble ak azil, men kondisyon yo yon ti jan diferan epi yo pi pou ranpli kondisyon yo. Pou Anpechman Depòtasyon, ou dwe toujou montre jij la ke ou riske yon gwo mal si ou retounen nan peyi ou akòz ras ou, relijyon, nasyonalite ou, opinyon politik ou oswa manm nan yon "gwoup sosyal patikilye." Men GWO diferans lan la sè ke risk pou malè ke ou dwe pwouve a pi gwo ke sa li ye nan ka azil la.

Ou dwe montre ke li **plis pwobab ke** malè pral rive ou nan peyi orijin ou. **Sa vle di ke gen omwen yon chans 51% ke gouvènman an pral fè ou mal.**

Gade tablo sa. Zòn wouj la reprezante risk pou mal ou dwe montre jij la. Zòn wouj sa la pi gwo pase sa pou yon aplikasyon azil — 51%. Sa vle di ke ou dwe montre jij la ke li pwobab ke malè pral rive ou nan peyi orijin ou.

Pou ou genyen yon ka Anpechman Depòtasyon, ou dwe montre yon gwo chans ke malè pral rive ou



Pou ou genyen dosye Anpechman depòtasyon w la, ou dwe an mezi montre ke:

- **Gen yon gwo risk ke gouvènman an nan peyi ou pral fè ou mal.** Sonje byen, pou Anpechman Depòtasyon, risk sa a dwe "pli pwobab," oswa yon chans 51%.
- **Malè ou ta fè fas oswa ou te fè fas nan peyi ou a grav anpil.** Malè sa rele *pèsekisyon Malè grav* vle di ke yo pral bat, mete nan prizon, kidnape, menase, oswa touye, oswa ke ou gen manm fanmi oswa moun tankou ou ki te blese konsa. Ou dwe bay prèv malè sa.
- **Gouvènman an ap fè w mal akòz ras ou, relijyon, nasyonalite w, opinyon politik ou, oswa apatenans ou a yon "gwoup sosyal patikilye".** Sa pa sifi pou siw di ke polisye te bat ou. Ou

dwe montre ke polisye a te bat ou poutèt *ras ou, relijyon, nasyonalite w, opinyon politik ou, oswa apatenan ou nan yon "gwoup sosyal patikilye."*

Poukisa Azil ak Anpechman Depòtasyon Diferan?

Azil ak Anpechman Depòtasyon diferan sou plizyè aspè:

- Nan pwosedi Anpechman Depòtasyon an, **ou pap kapab gen rezidans pèmanan**. Sa vle di yo pa p ka ba ou yon kat vèt (green card). Lè ou genyen yon dosye Anpechman Depòtasyon, sa sèlman vle di ke ke yo pap voye w tounen nan peyi. Men, si yon lòt peyi vle aksepte ou, Kontwòl Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) ka voye ou la.
- Pou Anpechman Depòtasyon, **aplikasyon ou an se pou ou li ye sèlman. Ou pa kapab aplike pou fanmi ou**. Si ou geneyn dosye ou a, ou genyen li sèlman pou oumenm. Manb fanmi w dwe aplike pou tèt yo.
- **Menmsi gen plis pase 1 ane pase depi ou te antre Ozetazini, ou ka aplike pou Anpechman Depòtasyon** Sa a diferan de azil. Avèk yon demann azil ou dwe aplike nan lespas 1 ane apre ou antre Ozetazini.
- **Menm si te gen manda depòtasyon dèyè ou deja, ou ka toujou aplike pou Anpechman Depòtasyon**.
- **Si w gen yon istwa kriminel ou KA anmezi pou aplike pou Anpechman Depòtasyon** Men, anjeneral ou pa ka aplike si yo te kondane ou pou yon krim ki vrèman grav.

Kisa Konvansyon Konte Tòti a, oswa CAT ye?

*Pwoteksyon anba Konvansyon Kont Tòti (CAT) la pou ka ki grav anpil. Pou ou genyen yon dosye anab Konvansyon Kont Tòti oswa CAT, ou dwe montre ke **gen gwo chans ke gouvènman an pral tòtire ou oswa touye ou nan peyi orijin ou**. Nan kèk fason, yon ka CAT menm jan ak Azil ak Anpechman Depòtasyon:*

- **Ou dwe montre ke gouvènman an pral tòtire oswa touye ou oswa ke gouvènman an pral inyore li si yon lòt moun ap eseye tòtire oswa touye ou**. Ou dwe montre ke moun ki pral fè w mal se yon ofisyèl gouvènman — yon moun nan lapolis, lame a, oswa ki travay kòm yon ofisyèl piblik. Ou ka montre tou ke gouvènman an ap inyore li si moun vle fè ou mal.
- Menm jan ak Anpechman Depòtasyon L, **ou pral bezwen moutre ke gen yon chans de 51% ke yo pral tòtire ou**, oswa ke "gen plis chans" ke sa pral rive.
- **Kondansyon kriminel yo ka afekte posibilite ou pou ou aplike pou CAT**. Si w gen yon istwa kriminel grav anpil, w ap elijib sèlman pou yon pati nan CAT ki rele *ranvwa depòtasyon an pou yon lòt lè*.

Pou ou genyen yon ka CAT, ou dwe montre yon gwo chans ke malè pral rive ou



■ Chance of No Harm
■ Chance of Harm

Yon dosye CAT diferan de Azil ak Anpechman Depòtasyon nan kèk fason:

- **Ou dwe montre yo pral tòtire ou, pa sèlman ke yo pral fè w gwo malè**. Tòti vle di yon moun sèvi ak gwo doulè mantal oswa fizik pou pini w oswa pou fòse w fè yon bagay.

- Genyen yon dosye CAT sèlman vle di ke **gouvènman Ameriken an pap voye w tounen nan peyi orijin ou**. Men si yon lòt peyi vle aksepte ou oswa kondisyon yo nan peyi ou chanje, **ICE ka eseye depòte w la pito**.
- **Ou dwe montre ke yon ofisyèl gouvènman pral tòtire w, men ou pa oblije montre poukisa moun sa pral tòtire w**. Ou pa bezwen montre w pral tòtire poutèt ras ou, relijyon, nasyonalite w, opinyon politik ou oswa gwoup sosyal ou an patikilye.

Ki jan w ka aplike pou Azil oswa Anpechman Depòtasyon?

Premyèman, aprann prensip debaz yo sou tribinal imigrasyon pou w konnen ki moun ki pral nan tribinal la ak sa ki pral rive nan premye odyans ou yo.

- **Jij la ap chita devan nan sal la e li pral poze w kesyon**. Jij la pwal pran desizyon sou dosye ou an. Montre li ke ou gen respè, ke ou poli e ke ou vini prepare.
- **Ap genyen yon avoka ki reprezante ICE ki ap la**. Avoka sa a se avoka gouvènman an ki anjeneral ap eseye fè depòte ou.
- Pa enkyete w si w pa pale anglè. **Ap genyen yon entèprèt nan sal la oswa nan telefòn**. Sèl bagay, ou bezwen pale fò. Di jij la ke ou pa pale oswa konprann anglè byen epi ou bezwen yon entèprèt.

Lè w ale nan premye odyans tribinal ou a, jij la ap mande w si w vle tan pou w jwenn yon avoka. Sonje ke lwa imigrasyon yo konplèks. Ou gen dwa pou ou gen pwòp avoka ou nan yon entèvyou azil ak pandan pwosedi imigrasyon. **Men, pa gen okenn defansè piblik epi prèske PA GEN AVOKA GRATIS nan tribinal imigrasyon.**

Aprè sa, jij la ap gade dosye w la epi l ap mande w si w vle admèt oswa refize akizasyon kont ou yo. Sa vle di ke jij la vle konnen si ou vle fòse avoka gouvènman an pwouve akizasyon yo kont ou.


Si avoka gouvènman an di ke yo ta dwe depòte w akòz istwa kriminel ou, mande avoka a pwouve akizasyon yo kont ou ka yon etap enpòtan. Gen kèk tip de kondanasyon kriminel, menm pou krim minè, ka anpeche w aplike pou Azil, Anpechman Depòtasyon, ak CAT.

Pou aprann plis sou fason pou ou nye akizasyon kont ou, li gid Florence Project la sou sijè sa a. Ale nan <https://firrp.org/resources/prose/>

Jij la ap chèche konnen si w ka aplike pou Azil, Anpechman Depòtasyon, oswa CAT

Si jij la deside ke omwen kèk nan akizasyon kont ou yo kòrèk, jij la ap mande w si ou pè retounen nan peyi ou. **Li enpòtan anpil pou w di jij la ke w pè pou w retounen lakay ou**. Si ou pa di sa, ou gendwa pa kapab aplike pou Azil, Anpechman Depòtasyon, oswa CAT.

Jij la pral poze kesyon pou asire l ke ou ranpli kondisyon yo pou w aplike pou Azil, Anpechman Depòtasyon, ak CAT. Si jij la dakò ke ou ka aplike, jij la ap ba ou yon kopi fòm ki rele *I-589, Aplikasyon pou Azil ak pou Anpechman Depòtasyon*.



W ap itilize menm fòm sa a pou w aplike pou Azil, Anpechman Depòtasyon, oswa CAT. Ou ka ranpli aplikasyon sa a si ou prezan fizikman Ozetazini epi ou pa yon sitwayen ameriken.

Jis paske jij la di ke ou ka aplike sa pa vle di ke ou genyen ka w la! Sa vle di ke jij la panse ke ou te ranpli kondisyon debaz yo. Ou gen yon chans pou montre jij la ke malè tap rive ou si ou ta ale nan peyi ou.

Ou pral ranpli epi soumèt aplikasyon an

Anvan odyans final ou a, w ap retounen nan tribinal la pou w remèt aplikasyon w pou Azil, Anpechman Depòtasyon, ak pwoteksyon anba Konvansyon Kont Tòti a. Li enpòtan pou w ranpli aplikasyon an konplètman, epitou tcheke kaz pou CAT la, pou jij la ka aksepte l epi pwograme yon odyans final, kote w ap prezante tout prèv ou yo. Ou ka soumèt evidans ak aplikasyon w lan, jan sa dekri anba a.

Kijan Ou Ka Prepare Dosye W La?

Prepare dosye w la pou Azil, Anpechman Depòtasyon, ak CAT mande tan ak planifikasyon. Ou ta dwe kòmanse rasanble prèv pi vit ke posib. Premyèman, ranpli fèy sa a pou ede prepare aplikasyon w ak deklarasyon w la.

Rezon Ki Fè W Ap Chèche Azil, Anpechman Depòtasyon Oswa Konvansyon Kont Tòti:

Why did you leave your home country?	
Ki moun ou pè?	
Poukisa ou pè moun sa yo? Poukisa yo vle fè ou menm oswa moun tankou ou mal?	
Kisa ou panse yo pral fè ou si ou retounen?	
Ki jan ou panse yo pral konnen ke ou tounen?	
Ki lòt moun y ap menase ak maltrete kounye a? Èske yo se moun menm jan ak ou (<i>pa egzanp, èske yo gen menm ras, relijyon, nasyonalite, gwoup sosyal patikilye, oswa èske yo pataje yon opinyon politik?</i>) Kijan ou fè konnen sa?	

Prepare Deklarasyon Ou An

Anpil moun ki aplike pou azil soumèt yon istwa ekri sou sa ki te pase yo, yo rele sa yon *deklarasyon*. Se istwa ou alekri ki di jij la poukisa ou pè retounen nan peyi ou. Si w soumèt yon deklarasyon bay jij la, jij la ap toujou mande w pou w temwaye epi l ap konpare temwayaj ou ak deklarasyon w la. Jij la ka panse diferans ki genyen ant deklarasyon ou ak temwayaj ou a sijere ke yo pa ka kwè ou epi li ka refize ka w la.

A isa deklarasyon ou an dwe sanble?

- Ou ka ekri alamen oswa enprime deklarasyon ou oswa ou ka tape li. Li dwe long ase pou li genyen tout enfòmasyon enpòtan sou ka w la.
- Si w itilize fèy papye blanch, ekri non w, nimewo A ou, dat la ak siyati w sou chak paj. Epitou, ekri *Deklarasyon* nan tèt li.

Kisa ki dwe nan deklarasyon ou an?

- **La verite.** Bagay ki pi enpòtan pou mete nan deklarasyon ou se verite a. Si ou bay manti nan deklarasyon an, jij la ap gen chans pou konnen epi li pral rejte aplikasyon w lan. Si ou pa sonje yon detay, sèvi ak fraz tankou, "nan pi bon memwa mwen," oswa "sa te rive alantou...."
- **Rezon ki fè ou ta dwe genyen ka w la.** Travay ou se fè jij la konprann poukisa ou pè retounen nan peyi ou.
- **Mete tout detay ki posib.** Jij la bezwen konprann sa ou pè ki pral rive ou. Eseye itilize mo deskriptif nan deklarasyon ou.

Ki prèv ou bezwen prepare?

Kòmanse prepare prèv ou yo pou montre jij la ke sa ou ap di yo ak sa ki nan deklarasyon ou an se laverite. Evidans ke ou pral kolekte yo depann de ka espesifik ou a.



Anpil dokiman pral pran tan pou fanmi w jwenn epi voye w pa lapòs.

Mande yon manm fanmi oswa yon zanmi ou fè konfyans pou ede w rasanble dokiman sa yo. Asire w ke moun sa voye ba ou **kopi dokiman sa yo, pa orijinal la yo.**

Anba, wap jwenn kèk ide sou kalite prèv ou ka rasanble. Sonje byen, sa yo se egzanp. Ou pa bezwen rasanble yo tout pou genyen dosye w la.

- **Lèt moun ki ka sipòte reklamasyon** ou sou poukisa ou pè retounen nan peyi ou. Èske gen yon moun te wè moun ki menase w oswa bat ou a? Si se konsa, yon lèt moun sa a ap ede w pwouve sa.
- **Rapò lapolis** (si ou te rapòte yon ensidan bay lapolis)
- **Dosye medikal** (si ou te blese ak resevwa tretman nan yon lopital oswa klinik oswa nan men yon doktè)
- **Batistè oswa sètifika lanmò** (si moun ou pè yo touye lòt moun)

- **Foto ki ede pwouve istwa ou** (foto ou ak moun ke yo te touye yo oswa foto oumenm k ap patisipe nan aktivite ki mete ou an danje)
- **Atik jounal sou pwoblèm** ki fè w pè retounen nan peyi w, oswa sou bagay ki rive moun ou konnen
- **Rapò òganizasyon nasyonal ak entènasyonal dwa moun** (tankou Human Rights Watch oswa Amnesty International)

Yon fwa ou gen tout dokiman ou yo ansanm, òganize yo. Fè yon lis tout bagay ou genyen epi mete lis sa anlè. Nan dènye paj evidans ou an, ajoute yon kopi de Sètifika Sèvis la ki siyen e ki gen dat ladan. Yon sètifika sèvis sanble sa a:

Mwen, _____ (ekri non ou la), sètifye ke mwen te remèt yon kopi dokiman sa nan men bay yon rezantan ICE Litigation nan dat ki anba a.

Sinyati:

Dat:

Aprè sa, fè 3 kopi tout evidans ou yo. Orijinal la ak yon kopi pral ale bay jij la ak fòm aplikasyon I-589 ou ranpli, yon kopi pral ale nan avoka gouvènman an. Kenbe yon kopi pou oumenm.

Ou dwe soumèt tout dokiman yo an Anglè. Si w resevwa dokiman nan yon lòt lang, ou ka tradwi yo. Jis atache tradiksyon ou an a lèt orijinal la ak yon kopi *Sètifika Tradiksyon* an ki siyen. Yon sètifika tradiksyon sanble sa a:

Mwen, _____ (non tradiktè a), sètifye ke mwen konpetan pou tradui dokiman sa a soti nan lang orijinal li nan lang anglè e ke tradiksyon an se verite ak egzat nan pi bon kapasite mwen.

Sinyati tradiktè a:

Dat:

Kijan Pou Ou Ranpli Aplikasyon ou an

jij la ka ba ou yon kopi aplikasyon an oswa ou ka jwenn youn nan <https://www.uscis.gov/i-589>. Ou dwe ranpli yon aplikasyon pou chak manb fanmi ou ki nan pwosedi imigrasyon avèk ou.

- **Ou dwe itilize yon plim nwa oswa yon machin a tape pou ranpli fòm nan.** Pa itilize kreyon.
- **Repons ou yo dwe an anglè.** Yo p ap aksepte fòm ou a si w reponn nan yon lòt lang.
- **Reponn tout kesyon yo. Si w pa konnen ki jan pou w reponn yon kesyon, pa enkyete w.** Si ou pa konnen yon repons, ekri, *m pa konnen* oswa ke ou ka gen enfòmasyon ki manke oswa ki pa kòrèk. Si yon kesyon pa aplike a ou, ekri *Okenn* oswa *N/A*.
- **Si w pa gen ase plas pou w reponn konplètman, jis kontinye repons ou an sou yon lòt papye ak non w, nimewo A ou, dat, siyati ak nimewo kesyon w ap reponn la.** Deklarasyon alekri ou yo ta dwe gen ladan evènman, dat, ak detay. Asire w ou atache papye sa yo a fòm ou a.

Aplikasyon an gen yon dokiman separe ki bay enstriksyon yo nan <https://uscis.gov/i-589>. Asire w ou revize epi swiv enstriksyon sa yo anvan ou ranpli aplikasyon w lan. Konsèy ki nan paj sa yo eksplike pati enpòtan nan aplikasyon I-589 la yo. Sonje ke yo te gendwa mete fòm nan ajou depi lè nou te fin pibliye gid sa.

I-589 Aplikasyon pou Azil ak pou Anpechman Depòtasyon

Seksyon A.I. Enfòmasyon De Ou Menm

- **Kestyon 8 ak 9. Adrès postal nan Etazini:** Si ou nan detansyon, itilize adrès sand detansyon an.
- **Kestyon 14. Nasyonalite ou gen kounya:** Anjeneral nasyonalite w ak sitwayènte w se menm bagay la, men si w pa panse sa a vrè pou ou, ou ta dwe fè yo konprann sa nan aplikasyon an.
- **Kestyon 15. Nasyonalite lè ou te fèt:** Si w te demenaje ale rete nan yon lòt peyi pou tout tan epi w te resevwa sitwayènte, nasyonalite w lè w te fèt la ka diferan de nasyonalite w kounye a.
- **Kestyon 16. Gwoup Ras, Etnik oswa Tribi:** Èske w fè pati yon gwoup kiltirèl nan peyi w? Pa egzanp, moun ki soti nan Iran ka Asiri oswa moun ki soti nan Gwatemala ka K'iche.
- **Kestyon 17: Relijyon:** Èske ou pratike yon relijyon? Si wi, ekri li la. Kesyon sa a pale de ni de relijyon prensipal ou (tankou jwif, kretyen, Boudis, Mizilman, Endou, elatriye) ak tou nenpòt pati patikilye nan relijyon sa a ou fè pati (tankou Otodòks, oswa kretyen kopt).
- **Kestyon 18. Pwosedi Tribinal Imigrasyon:** Koche yon bwat. Si w nan pwosedi imigrasyon pou premye fwa, tcheke kare "b". Si ou te nan pwosedi imigrasyon nan tan deja, tcheke kare "c."
- **Kestyon 19. ANtre ak soti nan peyi Etazini:** Si w te antre san pèmisyon oswa ilegalman, ekri *pa gen okenn enspeksyon* epi mete *N/A* kote li mande "nimewo I-94." Ekri tout lòt fwa ou te antre nan peyi Etazini. Si ou pa sonje dat egzak, mete *approx.* (pou apeprè) pou di jij la ke ou pa sèten.
- **Kestyon 23-25. Lang ou pale:** Si w pale yon dyalèk patikilye nan lang ou, make sa. Sèlman si w alèz 100% pou pale ak jij la ann anglè, ou ta dwe tcheke Wi nan Kesyon 24 la.

Seksyon A.II. Enfòmasyon Sou Mari Oswa Madanm Ou Ak Pitit Ou

- Ranpli pati sa a sèlman si w marye oswa si w gen timoun.
- Si ou pa gen ase plas pou ekri non tout pitit ou yo, sèvi ak *Fòm Siplemanè A, Fòm I-589* nan fen aplikasyon an oswa itilize yon papye blanch ki gen non w, nimewo A, dat ak siyati w.

Seksyon B. Enfòmasyon sou Aplikasyon w lan

Sa a se pati ki pi enpòtan nan aplikasyon w lan. Pati sa a poze kesyon espesifik pou decide si w elijib pou Azil, Anpechman Depòtasyon, oswa pwoteksyon anba Konvansyon Kont Tòti. Anvan w ranpli pati sa a, revize deklarasyon ou ak repons ki nan fichye travay la ki nan pake sa a.

- **Kestyon 1B. Pè Pou Ou Retounen:** Eksplike poukisa ou pè retounen nan peyi ou. Sonje di si w pè akoz ras, relijyon, nasyonalite, opinyon politik ou oswa gwoup sosyal ou an patikilye.
- **Kestyon 2. Arestasyon nan peyi ou:** Mete lis tout fwa ke lapolis te arete ou, nan sa, pale yo tou de tout fwa ke sa te fè pati de yon abi oswa asèlman nan men lapolis kont ou menm.
- **Kestyon 4. Pè Pou Yo Pa Tòtire W** Idantifye espesifikman ki sa ak ki moun ou pè ak sa ki pral rive ou si ou retounen nan peyi orijin ou.


Seksyon D. Siyati ou

- Sa a se kote ou siyen epi fè sèman ke tout sa ou te ekri yo se verite ak kòrèk. Sonje byen, si ou fè espere ou bay manti sou aplikasyon w lan, ou p ap jwenn èd kont depòtasyon.
- **Revize aplikasyon w lan pou w asire w ke li konplè.**
- **Siyen aplikasyon w lan epi endike si yon moun te ede w ranpli aplikasyon w lan.**

Aprè w fin ranpli aplikasyon an, fè 3 kopi siplemantè. Pote yon kopi aplikasyon an ak evidans yo nan tribinal la. Bay jij la orijinal la ak 1 kopi. Bay avoka gouvènman an yon lòt kopi. Kenbe dènye kopi a pou oumenm. **Sa enpòtan, kidonk pa bliye!**

Yon fwa ou remèt aplikasyon w lan, jij la ap ba w yon dat pou yon odyans final. Odyans sa a pral opòtinite ou pou prezante ka w la bay jij la.

Kijan Ou Dwe Prepare Ou Pou Temwanyaj ou a?

- Reflechi sou rezon espesifik ou menm oswa fanmi w pral soufri oswa sibi pèsekisyon. Pa jis di bagay tankou, "Mwen panse ke yon moun pral fè m mal" oswa "Mwen pa vle tounen." Sa p ap ede anpil—prèske tout moun k ap aplike pou azil yo santi yo konsa. **Esplike bay jij la espesyalman poukisa ou te soufri oswa ou pral soufri nan peyi ou.**
- **Kòmanse rasanble prèv bonè pou ede w sipòte ka w la.** Bay jij la tout evidans ki posib pou li reflechi sou li.
- Jij yo wè anpil moun chak jou. **Pale ak senserite** pou asire ou ke yo sonje temwanyaj ou a.
- **Reflechi sou egzanp ki pral montre sa ou pè nan peyi ou a.** Pratik di egzanp sa yo bay yon zanmi oswa yon manb fanmi w.
- **Pa enkyete w si ou ta vin nève oswa emosyonèl nan tribinal la.** Sa rive a prèske tout moun. Si w bezwen pran yon ti poz, jis di jij la.
- **Pale jij la de lavi ou.** Si w gen kondanasyon kriminel epi jij la poze w kestyon sou yo, di jij la sa ki te pase a. Piga ou bay manti. Bay manti fè bagay yo pi grav. Jij la ak avoka gouvènman an souvan gen fason pou yo konnen si w ap bay manti.
- **Pa reponn ak agresivite. Si ou te gen yon pwoblèm ak dwòg ak alkòl nan tan lontan, eksplike kijan ou te simonte pwoblèm sa yo.** Pa egzanp, èske w te ale nan reyinyon AA yo? Èske ou te konplete yon pwogram reyabilitasyon? 
- **Admèt sa si ou te fè erè,** menm si erè sa se paske ou te vini nan peyi Etazini san dokiman apwopriye yo. Li ka montre jij la ke ou regrèt epi ou pa pral fè erè sa yo ankò nan lavni.
- **Vini ak temwen. Fanmi ou ka vin di la rezon ki fè ou ta dwe rete nan Etazini an yo.** Temwen ou yo ka di jij la poukisa yo panse w malè tap rive ou nan peyi w.
- **Jij la gendwa vle poze ou kèk kestyon espesifik.** Sonje, montre jij la respè lè li ap pale. Refere jij la kòm "Vòt Onè," "Madam," oswa "Mesye."

Kijan Jij La Prwa Evalye Evidans Yo?

Nan kèk ka, jij la ap di w si yo apwove oswa refize aplikasyon w lan nan fen odyans ou a. Nan lòt ka, jij la ap voye yon desizyon alekri pou ou apre odyans lan. Si ou pa dakò ak desizyon jij la, ou ka fè apèl kont li bay Komisyon Apèl pou Imigrasyon an lè w ranpli yon Fòm EOIR-26, Avi pou Apèl soti nan Desizyon yon Jij Imigrasyon, nan lespas 30 jou apre desizyon jij la. Gade gid Florence Project sou kijan pou w fè apèl kont ka w la nan:

<https://firrp.org/resources/prose/>.

